ЖОҚАРЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ

КЕЛЕШЕК ОҚЫТЫЎШЫСЫН ТАЯРЛАЎДА Cambridge international БАҒДАРЛАМАСЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

Бүгин мәмлекетимизде билимлендириў системасы жаңа басқышқа қарай илгерилеп бармақта. «Билимли оқытыўшы — раўажланыў гиреўи» деген пикир тосыннан емес. Усы көзқарастан алып қарасақ, Шыршық мәмлекетлик педагогика университетинде баслама менен жолға қойылған халықаралық оқытыўшыларды таярлаў бағдарламасы — келешекке қарай тасланған үлкен қәдемлерден бири. Университеттиң Туризм факультети қурамында жумыс ислеп атырған факультетлер аралық шет тиллер кафедрасы бүгин жаслар ушын кең имканиятлар есигин ашпақта.

Студент-жасларға тек ғана шет тиллерин пуқта үйретип қоймастан, халықаралық тәжирийбе алмасыў, бирге ислесиў жойбарларында қатнасыў имканияты да енгизилмекте. Ең қуўанарлысы сонда, бул бағдарламаға Cambridge International курсы да қосылды. Бул студентлерге дүнья көлеминде тән алынған стандартларда билим алыў, халықаралық сертификатларды алыў ҳәм өз билимин сырт мәмлекетлерде де көрсетиў имканиятын береди. Халықаралық көлемде тән алынған, бәсекилес кадрларды таярлаў — бизиң тийкарғы ўазыйпамыз. ҳақыйқатында да, бул баслама тек ғана университет көлеминде емес, ал, пүткил мәмлекетимиз билимлендириў системаы ушын оғада әҳмийетли. Себеби, бүгинги глобалласыў дәўиринде шет тиллерди терең өзлестирген, халықаралық сертификатқа ийе оқытыўшы — илим ҳәм раўажланыўдың исенимли кепили болып есапланады.

Cambridge International курсының абзаллығы сонда, ол тек ғана инглис тилин терең үйретип қоймастан, ал, заманагөй педагогикалық жантасыўларды әмелиятқа енгизиўге қаратылған. Курс халықаралық көлемде тән алынған болып, оған қосылған студент өз билимин тек ғана миллий емес, глобал билимлендириў стандартлары тийкарында беккемлеў имканына ийе болады.

Усы бағдарлама арқалы студентлер халықаралық сертификатты алыў, инновациялық усыллар тийкарында шет тиллерин үйрениў ҳәм ең баслысы, келешекте сырт ел оқыў орынлары ҳәм халықаралық билимлендириў жойбарларында белсене қатнасыў имканиятына ийе болады.

2024-2025-оқыў жылында университеттен жәми 40 студент анық ҳәм тәбийғый пәнлер бойынша курсты табыслы тамамлап, өзлериниң кәсиплик жумысларында курстан алған билимлери, көнликпелери ҳәм жаңа усылларынан пайдаланып келмекте. Cambridge халықаралық билимлендириў бағдарламасының IGCSE (International General Certificate of Secondary Education — улыўма орта билим алғанлығы ҳаққындағы халықаралық сертификат) 14-16 жастағы оқыўшылар ушын арналған болып, физика ҳәм биология бағдарындағы студентлер қәнигелик пәнлерин халықаралық бағдарлама тийкарында оқытыў бойынша билимлерге ийе болды. Ҳәр қыйлы мәмлекетлерде жуыс ислеп атырған оқытыўшылар менен өз-ара пикир ҳәм тәжирийбелер алмасты.

Cambridge халықаралық билимлендириў бағдарламасының A ҳәм AS дәрежелери болса әў жастан жоқары оқыўшылар ҳәм бакалавр дәрежесиндеги жаслар ушын арналған болып, бул курста инглис тили оқытыўшылары өз қәнигеликлери бойынша силлабус пенен танысып, Cambridge бағдарламасының методикалық материалларын бйренди. Хылықаралық курсларда оқып атырған қәбилетли студентлеримиз алдағы ўақытларда Кембридж халықаралық билимлендириў бағдарламалары тийкарында сабақ өтилетуғын пәнлерди оқытыў бойынша барлық басқыштағы курсларды табыслы тамамлап, сертификат алыўды ҳәм инглис тилин билиў дәрежесин ҳәзирги Bғ дәрежеден C1 дәрежеге көтерип, халықаралық дәрежедеги оқытыўшы болыўды өз алдыларына мақсет еткен.

Усы тәрептен алып қарасақ, Cambridge International курсының жоқары оқыў орынларының оқыў процесине қосылыўы — билимлендириў процесинде жаңа басқыш болып, тек ғана студентлердиң емес, бәлким, пүткил мәмлекетимиз билимлендириў системасының дүнья көлеминдеги абырайын көтериўге хызмет етеди.

Ахмад БАИСОВ,
Шыршық мәмлекетлик педагогика университети Туризм факультети факультетлераралық шет тиллер кафедрасының оқытыўшысы, философия илимлери бойынша философия докторы (PhD).

«МЕНИҢ МӘҲӘЛЛЕМДЕ ЖЫНАЯТ БОЛМАЎЫ КЕРЕК!»

МӘҲӘЛЛЕ ТЫНЫШЛЫҒЫ — ЕЛ ТЫНЫШЛЫҒЫ

Елимиз, мәҳәллемиз тыныш болса, адамлар да тынышлықта-тыўлықта жасайды. Мәҳәлледе жынаятшылықлар жүз берсе, пуқаралардың тынышы бузылады. Билесиз, тынышы бузылған хызметкердиң жумысы да өнимли болмайды. Тынышлық турмысымыздың барлық тараўы байланыслы. Сонлықтан да, жасы үлкенлеримиз пәтияға қол жайса, әлбетте, «елимизде тынышлық болсын» деп тилейди.

Президентимиз Ш.Мирзиёев тәрепинен өткерилген видеоселектор жыйналысында «Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек!» деген пикирди алға қойған еди. Бул сүренниң мазмуны төмендегилерден ибарат. Атап келтирсек, «Сергеклик ҳәм бирлик — жынаятсыз мәҳәлленің кепиллиги». Буннан гөзленген мақсет — ҳәр бир мәҳәлле ағзасын сергек болыўға ҳәм өз-ара жәрдем көрсетиўге шақырыў.

«Жынайый қәўип-қәтерлерден биргеликте қорғанайық». Бунда ҳәр бир пуқараның өз қоңсы-қобалары-на ғамқорлық етиўин ҳәм жынаяттың алдын алыўда белсене қатнасыўын талап етеди.

«Барлық пуқараның өзин жынаяттан қорғаўда мәжбүр екенин умытпаў». Бул ҳәр бир пуқараның қәўипсизликке жуўапкер екенин билдиреди.

Усы шақырықлар арқалы мәҳәлле белсендилери, профилактика инспекторлары ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиўши жәмийетшилик топарлары биргеликте жумыс алып барыўға шақырады.

«Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек!» — бул тек ғана шақырық емес, ал, мәҳәлле турмысындағы әҳмийетли ўазыйпаларды атқарыўға жәрдемлесиўши тийкарғы дерек есапланады. Оның тийкарғы мақсети — пуқаралар, жәмийетшилик шөлкемлери ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары арасындағы бирге ислесиўди күшейтиўден ибарат. Сол себепли, ҳәзирги ўақытта республикамыздағы ҳәр бир мәҳәлледе жынаятшылықтың алдын алыў, пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў, жәмийетлик тәртипти сақлаў мақсетинде ишки ислер уйымы хызметкерлери тәрепинен күни-түни профилактикалық жумыслар әмелге асырылмақта.

Деген менен, гүриш шигинсиз болмағанындай, ел ишинде жүзи «қара»лар да ушырасып турады. Алып барылып атырған илажларға қарамастан, урлық жынаятлары көплеп ушыраспақта. Сол себепли, усы түрдеги жынаяттың алдын алыў мақсетинде республикамыз аймағындағы барлық қала ҳәм районларда урлық жынаятының алдын алыў мақсетинде жәмийетлик орынларда, базарларда ҳәм пуқаралар көп топланатуғын орынларға баннерлер орнатылып, пуқаралар арасында турақлы рәўиште профилактикалық-түсиндириў жумыслары әмелге асырылып келинбекте.

Ҳәр бир пуқара «Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек!» деген сүрен менен жасаса келешекте өзи жасап атырған орталықта жынаятшылықтың тамырына балта урған болады.

Илаж шеңберинде мәҳәллелерде жасаўшы пуқараларға «Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек!» сүрени тийкарында таярланған тарқатпа материаллар тарқатылмақта.

Ж.ЖУМАБАЕВ,
Қанлыкөл районы Ишки ислер бөлиминиң Оператив излеў хызмети, жынаят излеў топары аға оператив ўәкили, майор.

ҚӘНИГЕНИҢ КЕҢЕСИ

ТОПЫРАҚҚА ТИЙКАРҒЫ ИСЛЕЎ БЕРИЎ ТАРИЙХЫНАН

XX әсир басында Өзбекстан мәмлекетинде, соның қатарында Қарақалпақстан Республикасында дийқаншылық тараўы сол дәўирге жараса қыйыншылық ҳәм унамлы өзгерислерди басып өтти. Бул тараўға илимниң кеш келиўи пахта ҳәм басқа да егин түрлерин жетистириўде ески агротехника усыллары қолланылып, жүдә төмен өним алыўға себеп болған. Сол дәўирлерде пахта жетистириўдеги агротехника элементлериниң қатарында топыраққа тийкарғы ҳәм егис алды ислеў бериў түрлерине бөлинбеген. Топыраққа ислеў бериў тек ғана егис алды түри менен шекленген, ал, гүзги шүдигар ҳаққында улыўма түсиник болмаған. Егислик майданларға бәҳәр айының ақырында сүрим жумыслары жүргизилген. Сол себепли тийкарғы ҳәм егис алды сүрим жумыслары бир сүрим менен шекленип қалған.

Топыраққа ислеў бериў жумыслары, әпиўайы «гүнде», яғный, беккем мийўе ағаштың қалдығынан таярланған әсбап жәрдеминде әмелге асырылған. Бул әсбап жәрдеминде өткерилген сүрим әлбетте, талапқа жуўап бермеген, оның тийкарғы себеби, сүрим сайыз болып, жер бетинде ири кесеклер пайда болған. Бул болса, өз гезегинде туқымлардың өнип шығыўында, сондай-ақ, көпшилик нәлшелердиң бойға кеткенде тосқынлық етип, набыт болыўына алып келген, нәтийжеде нәллердиң санын әдеўир кемейтип, улыўма өнимдарлықты пәсейтиўге себепши болған. Сол себепли, сол дәўирдеги дийқанлар гүндени егислик жердиң узынына ҳәм кесесине бир неше мәрте жүргизген.

Бул усылдың қолланылыўы дийқаншылықта узақ ўақыт даўам етти. Ўақыттың өтиўи менен диийқанлар көп жыллық тәжирийбеге сүйенип, топырақ терең етип сүрилсе жабайы шөплерден жақсы тазаланады, деген түсиникке ийе болған. Сол себепли, пахта өнимин жетистирип бериўши дийқанлар топырақты терең етип сүриўге ҳәрекет еткен. Деген менен, гүнде менен жерди сапалы етип сүриўге мүмкиншилик болмаған, себеби, бир ат күшиниң күши ҳәлсизлик етип, гөзлеген мақсетке жетисиў қыйын болған. Лекин, ири ҳәм күшли маллары болған дийқан хожалықлар жерди 15-20 см тереңликте 3-4 мәрте сүрип жумсартыўға шамасы келген, бундай жағдай кемнен-кем ушырасқан. Қалаберсе, көпшилик хожалықларда ҳәм ижарашыларда ири маллар, яғный, ат күшиниң болмағанлығы себепли егислик майданлардың жер бетин егиске таярлаўды қол күши жәрдеминде, яғный, 10-15 см тереңликте аўдарыўды кетпен менен әмелге асырған.

Солай етип, мәмлекеттиң раўажланып барыўында, өткен әсирдиң 20-жыллырынан баслап басым көпшилик хожалықлар гүндени атлы күшке тиркеп сүриўге толық өте баслады ҳәм сол ўақытлары бул усыл жетискен усыллардың бири есапланған. Нәтийжеде хожалық турмысында бир қатар унамлы өзгерислер жүз бере баслады. Пахта өнимдарлығы бираз көтерилди, ғаўаша тәрбиясын жеделлестириўге имканият жаратылды. Жер бетин ат күшисиз гүнде менен ислеўдиң саны 5-6дан 1-2 мәртеге кемейди, бул болса, топырақты егиске таярлаўға, шигит егисин ерте өткериўге жағдай жаратты.

1924-жылы республикамызға биринши мәрте «Фордзон» тракторлары жеткерилди ҳәм 1925-жылы 462 трактор сүримге қатнасты. Оннан соңғы жыллары Өзбекстан Республикасының хожалықлары үзликсиз тракторлар менен тәмийинленип барылды. Трактор жәрдеминде әмелге асырылыўдың нәтийжесинде жерди сүриў ҳәм ғаўаша тәрбиясы жумысларының сапасы әдеўир артқан. Өткен әсирдиң басында, яғный, 1918-1926-жыллары жерди сүриў тереңлиги 15-20 см дөгерегинде болған болса, енди трактор жәрдеминде сүриў тереңлиги 1927-1936-жж. 22-23 см. ге жеткерилген. Соң 1937-1946-жж. ислеп шығарылған, жоқары қуўатлылыққа ийе болған тракторлар менен тәмийинленип, жерди сүриў тереңлиги 23-25 см.ге жеткерилди. 1935-жылы белгили агрономлар А.Т.Данильченко ҳәм Н.А.Романенколар трактора тиркелетуғын үш корпуслы плугты еки корпуслы плугқа өзгертип, трактор жәрдеминде сүриў тереңлигин 25 см.ге жеткериўди усыныс етти. Бул усыныс 1936-жылы қабыл етилди ҳәм пахташылық пенен шуғылланыўшы хожалықлардың егислик майданларында жерди сүриў тереңлиги 24-25 см.ге өзгертилди. Унамлы өзгерислердиң нәтийжесинде сол дәўирдеги сүрим саны оның тереңлиги ҳәм нәтийжесине тийисли болған бир қатар машқалалар өз шешимин тапты.

Өзбекстан Республикасында топыраққа ислеў бериў мәселеси бойынша Өзбекстан пахташылық илимий изертлеў институтында (УзПИТИ), Бирлескен Пахташылық илим изертлеў институтында (СоюзНИХИ) кең ҳәм нәтийжели излениў жумыслары алып барылды. А.Е.Самойлов, кейин ала Ф.А.Соколов, В.П.Кондратюктиң басшылығында көпшилик хожалықлардың ҳәр түрли топырақ шараятларында бундай тәжирийбелер өткерилди. Дәслепки жыллары (1930-1934-жж.) излениўшилер (А.Ф.Макаров, А.Е.Самойлов) пахтадан жоқары өним жетистириўде гүзги шүдигардың жоқары әҳмийетлигин жеткерди. Соң (1935-1938-жж.) А.Е.Дудко, Ф.А.Соколов, В.И.Сухов, Б.С.Коньков, И.С.Рабочев, В.П.Кондратюк ҳәм басқалар илимий изертлеў жумысларының нәтийжелери бойынша гүзги шүдигардың техника-экономикалық нәтийжелилигине жоқары баҳа берди. Бул усылды қолланыў нәтийжесинде топырақ қурамында ығаллылық жақсы топланып, узақ сақланатуғынлығы дәлилленип берилген, сондай-ақ, бул усылды қолланыў нәтийжесинде жабайы олтардың кескин кемейиўине, агротехникалық жумыслардың сапалы өтиўине, егилген туқымлардың ғалаба өнип шығыўына ҳәм сол себепли жоқары өним жетистириўге барлық шараятлар жаратылатуғынлығы дәлиллеп берилди. Солай етип, сол дәўирде (бүгинги күнге шекем) жоқары өним жетистириўде комплекс илажлардың қатарында «гүзги шүдигар» дийқаншылық мәдениятында агротехниканың әҳмийетли элементлериниң бири болып есапланды.

Гүзги шүдигардың әҳмийетине жоқары баҳа бериў менен бир қатарда ғаўашаны тәрбиялаў, топыраққа ислеў бериў усылларын үйрениў мәселелери бойынша изертлеў жумыслары баслап жиберилди. Түрли конструкциялы плуглар ойлап табылды, олардың жәрдеминде топырақты аўдарып ямаса аўдармай сүриў усыллары сынап барылды. Топырақты чизель жәрдеминде жумсартыў усылына итибар берилди. Алынған мағлыўматлар бойынша топырақты аўдарып таслаў усылы - жабайы шөплерди кемейтиўде, органикалық қалдықларды ҳәм берилген төгинлерди топырақ қатламына бир тегис жайғастырыўда айрықша жәрдем болатуғынлығы мәлим болды. Солай етип, жерди сүретуғын плугтың ойлап табылыўы, сол дәўирде ҳәм бүгинги күнде дийқаншылық тараўында өз орнын тапқан қурал сыпатында тән алынды.

Изертленген илимий жумыслардың нәтийжелерин есапқа алып, М.Н.Пермин тәрепинен өндиристеги қолланылып атырған плуглар ушын агротехникалық талаплар ислеп шығылды ҳәм 5-К-35 маркалы плугтың қурылмасына 30 жыл даўамында өзгерислер киргизип барылды. Соның нәтийжесинде П-5-35, П5-35Г, П5-35М ҳ.т.б. плуг түрлери ойлап табылды. Сондай-ақ, чизельди топыраққа тийкарғы ислеў бериўде әсбап сыпатында қолланыўға болмайтуғынлығы дәлиллеп берилди ҳәм гүзги шүдигардан соң ерте бәҳәрде егистен алдын қолланыўға усыныс етилди. 1939-жылы предплужник орнатылған плуг жәрдеминде сүриў усылы кең орын алды. 1945-1948-жыллары Ф.А.Соколов тәрепинен суўғарып егилетуғын жерлер шараятында агротехникалық әҳмийети жоқары екенлигин дәлилледи. Предплужник орнатылған плуг жәрдеминде сүриў еки яруслы плуг ойлап табылғанға шекем кең қолланылып келинди.

Көп жыллық мағлыўматлар есапқа алынып, 1937-1938-жыллары жер қатламын 30 см. тереңликте сүриў усыныс етилди. Лекин, жоқары қуўатлылыққа ийе болған трактор ҳәм плуглардың жетиспеўшилиги нәтийжесинде хожалықларда бул усылды әмелге асырыў қыйыншылық туўдырды. Сол себепли, 1936-1957-жыллар даўамында республикамыздың хожалықларында сүриў тереңлиги 22-25 см., соң 25-27 см. дөгерегинде өткизиў усыныс етилди. Соңғы он жыллықта (1956-1967-жж.) жоқары қуўатлылыққа ийе болған трактор жәрдеминде сүрим тереңлиги 30 см.ге жеткерилди. 1950-жылы СоюзНИХИ, САИМЭ илим-изертлеў орайларында Ф.И.Решетников, Ф.А.Соколов, А.К.Кашкаров, В.П.Кондратюк, Л.П.Мякишев, М.М.Миркасымов, З.С.Турсунходжаев, А.Мадаминов ҳәм басқалардың қатнасында жаңа технологиялар, яғный, еки яруслы плуг пенен комбинацияланған усылда 30 ҳәм 40 см. тереңликте сүриўдиң нәтийжелилиги үйренилди. Еки яруслы плуг пенен 30 см. тереңликте сүрилгенде, топырақ еки қатламға, яғный, 0-15 см ҳәм 15-30 см.ге гезеклесип бириниң үстине бири аўдарып тасланады. Бунда жоқарғы қатлам төменге, ал, төменги қатлам жоқарыға жайласады. Еки яруслы плуг пенен 40 см. тереңликте сүрилгенде усы жағдай қайталанады, лекин, бунда қатлам салыстырмалы қалың болады, яғный, 0-20 см. Тәжирийбе ҳәм өндиристен алынған мағлыўматлар тийкарында еки яруслы плуг пенен 25 см.ли топырақ қатламы жер бетине көтерилиўи топырақ өнимдарлығына унамсыз тәсир етип атырғанлығы итибарға алынып, комбинацияластырылған сүрим усылы усыныс етилди. Бунда үстинги 15-20 см.лик қатлам жер үстине шығады, ал, астынғы қатлам тек ғана жумсартылып, өз орнында қалады.

1967-жылдан баслап еки яруслы ҳәм комбинацияласқан сүрим усылы пахта жетистириўши хожалықларға енгизилди. 1970-жыллардың ақырында еки яруслы плуг жәрдеминде 30-40 см. тереңликте сүриў усылы көп ислетилди, бунда топырақ қатламы толық аўдарылып бериледи, бундай ўақытта органикалық ҳәм минерал төгинлер топырақтың терең қатламларына араласады, жабайы отларды кемейтиўде жақсы нәтийже берди. Солай етип, егислик атызлардың түрлери итибарға алынып, сүриў тереңлиги ҳәм усыллары тәртиплестирилип, нәтийжеде ғаўаша өнимдарлығы ҳәм сапасы артып барылды. Еки яруслы ҳәм комбинацияласқан сүрим усылы кең қолланылып, үлкен жетискенликлерге ерисилип, нәтийжеде дийқаншылық мәдениятының артыўында тийкарғы көрсеткиш сыпатында тән алынды.

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң дийқаншылық тараўында бир қатар қыйыншылықлар ҳәм жетискенликлер жүз берди. Бүгинги күнде Қарақалпақстан Республикасында суўдың кемлиги, топырақтағы дуз концентрациясының нормадан зыят болыўы, Арал апатшылығының келтирип атырған зыянлы тәсирлерине қарамастан илимий жақтан дәлилленген ҳәм өндиристе сынап көрилген топыраққа тийкарғы ҳәм егис алды ислеўин бериўши усыллар өз әҳмийетин жоғалтпады. Деген менен, илимий изертлеў мәкемелериниң, соның қатарында Дән ҳәм салы илимий-өндирислик бирлеспеси қәнигелери де бүгинги күнде дүнья жүзинде жүз берип атырған ықлым өзгериўи машқаласына қарсы турып, топырақ қатламындағы ығаллылықты сақлаў, оннан нәтийжели пайдаланыўға байланыслы болған топыраққа ислеў бериў усылларын еле де жеделлестириўге күш салысып, илимий жумысларын даўам еттирмекте.

А.ТУРЕЕВ,
Қарақалпақстан Республикасы «Дән ҳәм салы илимий-өндирислик бирлеспеси»ниң лаборатория баслығы.